



Yon Gid Sou Kredi nan Taks Vil New York

Gen plizyè kredi ki disponib:

- Kredi pou gadri ak swen depandan nan Vil New York
- Kredi pou revni nan travay Vil New York
- Kredi pou kay Vil New York
- Kredi pou taks lekòl Vil New York (montan fiks)
- Kredi pou taks lekòl Vil New York (montan rediksyon sou to a)
- Kredi nan taks byen imobilye amelyore Vil New York

Kredi pou gadri ak swen depandan nan Vil New York

Ou gen dwa pou resevwa kredi ki ka ranbouse sa a si:

- ou te yon rezidan Vil New York a tan konplè oswa a tan pasyèl,
- ou te peye depans pou gadri pou omwen yon (1) timoun ki poko gen kat (4) lane 31 desanm,
- revni brit federal ajiste ou se \$30,000 oswa mwens, **epi**
- Ou kalifye pou reklame kredi ou gadri ak swen depandan Eta New York la. (Ou ka reklame ni kredi eta, kredi minisipal.)

Konbyen kredi a ye?

- Kredi a ka jiska 75% kredi Eta New York la.

Pou w ka aplike pou kredi sa a, oswa pou jwenn plis enfòmasyon, gade Fòm *IT-216, Claim for Child and Dependent Care Credit (Reklamasyon Kredi pou Gadri ak Swen Depandan,* akenstriksyon li yo (disponib sèlman nan lang angle).

Kredi pou revni nan travay Vil New York

Ou gen dwa pou resevwa kredi sa a si:

- Ou se yon rezidan Vil New York a tan konplè oswa ou se yon rezidan Vil New York a tan pasyèl, **epi**
- te reklame kredi revni nan travay federal la.

Kredi sa a se anplis kredi revni nan travay Eta New York la.

Konbyen kredi a ye?

- Kredi a ka jiska 5% kredi revni nan travay federal ki otorize pou ou a.
- Pou rezidan a tan pasyèl yo, kantite kredi nan taks la pral depans ou revni pou taks Vil New York.

Pou w ka aplike pou kredi sa a, oswa pou jwenn plis enfòmasyon, gade Fòm *IT-215, Claim for Earned Income Credit (Reklamasyon pou Kredi Revni nan Travay)*, akenstriksyon li yo (disponib sèlman nan lang angle).



Kredi pou kay Vil New York

Ou gen dwa pou resevwa kredi ki pa ka ranbouse sa a si:

- yo pa ka reklame ou kòm yon depandan nan deklarasyon taks sou revni federal yon lòt kontribyab,
- ou se yon rezidan oswa rezidan a tan pasyèl Vil New York, epi
- ou satisfè kondisyon pou revni sa yo:

Ak ki estati ou deklare taks ou	Revni brit federal ajiste	Montan kredi a
<ul style="list-style-type: none"> • Selibatè 	\$12,500 oswa mwens	Jiska \$15
<ul style="list-style-type: none"> • Marye epi ap deklare ansanm • Moun ki antèt kay la ak yon moun ki kalifye • Vèf (v) ki kalifye ak yon timoun ki depandan 	\$22,500 oswa mwens	\$10 a \$30, plis yon lòt \$10 a \$30 selon kantite depandan ki sou Fòm IT-201, kesyon H (Fòm IT-203 kesyon I) plis youn pou ou (ak youn pou mari oswa madanm ou <i>Marye epi ap deklare ansanm</i>)
<ul style="list-style-type: none"> • Marye epi ap deklare apa 	Gade enstriksyon yo sou fòm taks sou revni ou a	

Pou aplike ou kredi sa a:

- Rezidan **ane konplè** Vil New York yo dwe reklame kredi sa a nan deklarasyon taks sou revni yo.
- Rezidan ane pasyèl yo dwe ranpli *Fòm IT-360.1, Change of City Resident Status (Chanjman nan Sityasyon kòm Rezidan)* (disponib sèlman nan lang angle), epi soumèt li ak deklarasyon yo.

Kredi pou taks lekòl Vil New York (montan fiks)

Ou gen dwa pou resevwa kredi sa a si :

- ou se yon rezidan Vil New York a tan konplè oswa a tan pasyèl, epi
- yo pa ka reklame ou kòm yon depandan nan deklarasyon taks sou revni federal yon lòt kontribyab.
- Revni ou te \$250,000 oswa mwens.

Konbyen kredi a ye ?

- moun ki marye k ap depoze yon deklarasyon ansanm ak vèf(v) ki kalifye ak yon timoun depandan : jiska \$125
- tout lòt kontribyab: jiska \$63.

Kijan pou w reklame kredi sa a

- Si ou depoze yon deklarasyon taks sou revni pèsònèl Eta New York, ou dwe reklame li dirèkteman sou deklarasyon ou a.
- Si ou pa oblije depoze yon deklarasyon taks sou revni, ou ka toujou reklame kredi sa a. Gade *Fòm NYC-210, Claim for New York City School Tax Credit (Reklamasyon pou Kredi Taks Lekòl Vil New York)*, akenstriksyon li yo (disponib sèlman nan lang angle).



Kredi pou taks lekòl Vil New York (montan rediksyon sou to a)

Ou gen dwa pou resevwa kredi ki ka ranbouse sa a si :

- ou se yon rezidan Vil New York a tan konplè oswa a tan pasyèl,
- yo pa ka reklame ou kòm yon depandan nan deklarasyon taks sou revni federal yon lòt kontribyab, epi
- Ou te gen yon revni taksab Vil New York ki \$500,000 oswa mwens.

Konbyen kredi a ye ?

Kredi a se yon pousantaj revni taksab Vil New York ki \$500,000 oswa mwens

Kijan pou w reklame kredi sa a :

Rezidan Vil New York ak rezidan a tan pasyèl yo ka reklame kredi sa a dirèkteman sou deklarasyon taks sou revni yo.

Kredi nan taks byen imobilye amelyore Vil New York

Ou gen dwa pou resevwa kredi ki ka ranbouse sa a si :

- revni brit kay la te mwens pase \$200,000,
- Nou te abite nan menm rezidans Vil New York la pou sis (6) mwa oswa plis,
- Nou te yon rezidan Vil New York pandan tout ane fiskal la
- yo pa ka reklame ou kòm yon depandan nan deklarasyon taks sou revni federal yon lòt kontribyab,
- ou te gen yon rezidans ki pa te gen egzansyon total pou taks byen imobilye, epi
- satisfè kondisyon kòm popriyete oswa lokatè ki anba la a:
 - Kòm yon pwopriyete, ou menm oswa mari/madanm ou te peye taks byen imobilye ak nenpòt lwaye nou te resevwa pou itilizasyon ki pa rezidansyèl pou kay ou a ki te 20% oswa mwens lwaye total nou te resevwa a.
 - Kòm yon lokatè, ou menm oswa on moun ki abite lakay ou te peye lwaye pou kay ou a.

Konbyen kredi a ye?

- Kredi a kapab jiska \$500.

Kijan pou w reklame kredi a

- Si ou kalifye pou depoze yon deklarasyon taks sou revni pèsonel Eta New York la, ranpli Fòm NYC-208 ak deklarasyon ou a pou reklame kredi sa a.
- Si ou pa oblije depoze yon deklarasyon taks sou revni, ou ka toujou reklame kredi sa a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou reklame kredi sa a, gade Fòm NYC-208, *Claim for New York City Enhanced Real Property Tax Credit (Reklamasyon pou Kredi nan taks byen imobilye amelyore Vil New York)*, akenstriksyon li yo.